

Стр. 2

ЛЪУГЬА-БАХЪИН

**ТIоцебесеб кьерда гIелмуги лъайги**

ЛЪАЙКЬЕЙ

**Физиказул бакIалда физкуль-турникал**



Стр. 2


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 14 * сентябрь 2016 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*нухалги мехалги*

**Ахираб заманалда гIемерал руго ЛъаратIе нухал гьариял-да сверухъ гIемерал хабарал, бахIсал. Щибаб кьоялъ районалда гIумру гьабулев чиясда рагIизе бегьула гьел нухазда тIаса батIи-батIиял пикраби годекIабахъ, рокъор, собра-ниязда ва данделъабазда. Кинабниги щакльи гьечIого, бокьараб хъулухъ-пишаялъул чияс жинда мухIканго лъалеб гIадин бицуна нухал гьари-ялъул лъикIал рахъазулги, квешал рахъазулги. Кида гьеб лъугIизе бугеб, кигIан гIарац гьениб хвезабун бугеб ва кинаб щулалъиялъул хъил тIолеб бугеб нухда.**

# КIудияб хIалтIухъ бергьенлъи хехго щоларо ...

## ЛъаратIе гьабулеб нухлул хал гьабуна Дагъавтодоралъул нухмалъулес



Август моцIалъ ЛъаратIа районалъул 90 сон тIубараб юбилеялде щварав респу-бликаялъул бетIер Рама-зан ГIабдулатIиповас бицун букIана, нух ЛъаратIа райцен-тралде щвезе базе буго гIага-шагарго жеги кIиго сон абун. МухIканаб жаваб гьалъие батуларила, амма Дагъавто-доралъул хIисабазда рекъон исана КIособе, тIасияб соналъ Анцухъе ва 2018 абилеб соналъ ЛъаратIе щвезе бугила. Амма гьел нухазда бугеб ахIвал-хIалги бичIизабизе, ЛъаратIа районалъул ва БежтIа мухъ-алъул нухмалъиялъулгун дандчIвай гьабизе 15 абилеб сентябралда Албания росулъе щвана Дагъавтодоралъул нухмалъулев Загьид Хучба-ров. Гьес жинцаго хал-шал гьабуна ХIебда-ЛъаратIа нух гIатIид гьабиялъулги хьил тIеялъулги.

**Загьид Хучбаров :** « Нилъ-ер гIадамазул цо хасаб хаси-ят буго кинаб бугониги гьа-булеб хIалтIуе кьимат кьезе гIедегIи. Гьеб кьимат кьо-лелги ратула жидеда хIалтIи бичIчIулелги бичIчIуларелги. КиналгIаги захIмалъабазда балагьичIого нухал гьари-зе руго хасел къазегIан, гIазу базегIан. Кутакаб цIорой ккун, тIабигIаталъул хи-са-басиял ккезегIан хIалтIи гьоркьоб къотIизе гьечIо. Дида бичIчIула гьаб нух лъугIиялъул бугеб кIварги, гьелда балагьун чIараб гIемераб халкъги букIин. Ре-спубликаялъул бетIер Рама-зан ГIабдулатIиповасги гьеб-го жо тIалаб гьабулеб буго дидасан. Дир тIоцересел ну-хал гьариязул хIалбихьиязул цояб хурхараб буго ЛъаратIа районалдехун, тIоцебе Мазаде унеб кIудияб кьо лъолеб ме-халъ гьениб хIалтIи гьабунги вукIана дун. Амма нилъеда кIочене бегьуларо кIудияб хIалтIи рагIалде бахьине кка-ни заман къварегIунеблъи. Дица тIаде босараб иш мухIканго, щвалде щун лъугIизабизе бокьула».

Дандельиялда гIахьаллъи гьабун рукIана БежтIа ва ЛъаратIа мухъалъул бутIрулги цоги идарабазул гIемерал нухмалъулелги. ЛъаратIа рай-оналъул бетIер Ражаб Ража-бовас баркала кьуна Загьид Хучбаровасе кинабго гьес гьа-булеб кIудияб хIалтIухъги, районалдехун бугеб кIудияб бербалагьиялъухъги. Гьес ракIалде щвезаруна Хучбаро-васул жеги цересел сапарал ЛъаратIе, нух цIигьабизе бай-бихьаралдаса гьев чанцIулго щвана ЛъаратIе, нух гьабулеб бакIалде.

Гьединго баркалаялъул рагIаби абуна БежтIа мухъ-алъул бетIер Тажудин Нажму-диновас.

Данделъи лъугIун хадуб ЛъаратIа районалъул культу-рияб рукъалъул хIалтIухъабаз бихьизабуна берцинаб кьур-диялъул программа ва ахIана аваданал кучIдул. Кутакаб шавкъалда къабул гьабуна кечI-макъан данделъиялде ракIараз.

Хасго асар гьабуна Лъара-тIа культурияб рукъалъул хIалтIухъан Ибрагьим Ибра-гьимовас ахIараб, Имам Ша-милида гьабураб кочIоца. Ибрагьимица кьурабазде, мугIрузде, зобалазде бала-гьун чваххун биччалеб кочIол гьаркьица битIахъе черхалда гьар-гьар балеб хIал букIана.

Ахиралда Загьид Хучба-ровас баркала кьуна киналго данделъиялда гIахьаллъи гьа-буразе ва лъазабуна жеги щве-лин ЛъаратIе кватIичIого.

**Расул АБАКАРОВ**





*лъугьа-бахъин*

# ТIоцебесеб кьерда гIелмуги лъайги

## Хидиб росулъ цIияб школа рагьана

**Августалъул 29 абилеб къоялъ, Хидиб росулъ тIобитIана кIудияб данделъи республикаялдаса ва улкаялдаса хIакимзабиги рачIун. Данделъиялъул аслияб кIвар букIана цIияб гьоркьохъеб школа гьеб росулъ рагьиялъулъ.**





Данделъиялда гIахьаллъана республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIипов, Пачалихъияб Думаялъул председателасул заместитель Сергей Неверов, республикаялъул лъайкьеялъул министр ШагьгIабас Шагьов, сахлъи цIуниялъул министр Танка Ибрагьимов, ЖКХялъулгун архитектуралъул министр Ибрагьим Казибеков, районалъул бетIер Ражаб Ражабов ва гь.ц.

Хидиб росулъ рагьараб цIияб гьоркьохъеб школа буго 60 цIалдохъанасе бихьизабураб, гьанжесел тIалабазда рекъон киналго шартIалги чIезарураб. ЦIияб школа рагьиялъул цойги кIудияб кумек буго, гьеб росулъ гIадамазе хIалтIизе бакI щвей. Кинабниги школалда хIалтIизе бакI щвана 45 чиясе, гьезда гьоркьоса 25 педагогасул хIалтIи гьабулев чагIи. Данделъиялда тIоцеве кIалъазе вахъана республикаялъул бетIер.

Рамазан ГIабдулатIипов: «Гьаб кинабго хIалтIи буго нилъеца гьабулеб, тIоцебе улкаялъул президент Владимир Путинил, пачалихъияб нухмалъиялъул ва Думаялъул кумекалдалъун.

Ахираб лъабго соналда жаниб нилъеца къучI лъуна кинабниги 40 лъайкьеялъул минаялъе, гьаб цIияб школа рагIалде бахъин кIудияб роххеллъун буго аскIор ругел росабазеги. Гьеб буго нилъер республикаялде улкаялдасан бугеб гIатIидаб бербалагьиялъул гьитIинабго мисал. Нилъеда лъала улкаялъул бетIерас хасаб кIвар кьолеб бугеблъи Дагъистан цебетIезабизе».

Данделъиялде ракIаразе саламги къун, Пачалихъияб Думаялъул спикерасул заместителас абуна, ахираб заманалда пачалихъалда рагьана кинабниги 100 школа, гьездаса 6 школа Дагъистаналда. Процентаздалъун босани, улкаялъул гIатIилъиги, халкъалъул гIемерлъиги хIисаб гьабуни, рищунго гIемерал школал ран ругила Дагъистаналда. Гьеб Дагъистаниязе цIакъго кIудияб кумек ва бербалагьи улкаялъул рахъалдасан. Гьединго Сергей Неверовас гьарана цIалдохъабазе тIоцебесеб иргаялда цIалулъ хIаракат, гIелму тIалаб гьабизе кIудияб жигарчилъи ва кидаго хиси гьечIеб ВатIаналдехун рокьи.



Районалъул жамагIаталъ тIоцебесеб иргаялда баркала кьуна республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасе, гьес мугIрузузе ва магIарулазе гьабулеб кIудияб кумекги бихьун. Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас бихьизабуна къиматав гьобол Сергей Неверовасда кин къабул гьарулел магIарулхъ гьалбал. Баркалаялъул ва гьудуллъиялъул хIисабалда районалъул бетIерас гьесие кьуна хъахIаб буртина ва миллияб магIарулазул тIагъур.

Ахиралда Рамазан ГIабдулатIиповас ва Сергей Неверовас хал-шал гьабуна цIияб школаялъул ва кIудияб къимат кьуна лъимал цIализе ва тарбия кьеялъе чIезарурал шартIазе.

**Нижер мухбир**

*лъайкьей*

# Физиказул бакIалда физкультурникал

## МугIалимзабазул иргадулаб данделъи тIобитIана

**Щибаб соналъго гIадин исанаги тIобитIана ЛъаратIа 29 абилеб августалда тIобитIулеб мугIалимзабазул данделъи. КидагогIадин, исанаги лъугьана гьеб собрание хIалуцараб, дагIбади гIемераб, суалал гьарзаяб ва гIунгутIаби загьираблъун. Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас цIикIараб кIвар кьолеб ва киналго районалъул данделъабазда тIоцебесеб кьерда лъолеб суал лъайкьеялъул бугеблъи нилъее балъголъи гуро. Гьелъ батизеги бегьула районалъул нухмалъиялъ, гIицIго 29 абилеб августалъ гуреб, гIемер гьоркьоб лъолеб бугеб лъай кьеялъул суал.**

Данделъи бачунеб букIана районалъул бетIер Ражаб Ражабовас. Гьес тIоцебе дандчIвай гьабуна мугIалимзабазулгун, тIаде рачIаразулгун ва данделъиялде ахIарал киналго лъай кьеялде хурхен бугел киналго гIодор чIаразулгун.

Районалъул бетIерас тIоцебе бичIизабуна лъай тIалаб гьабиялъул бугеб кIвар, цIалдохъанасе жиндир гIумруялъул нух кквеялдаса бугеб кумек ва гь.ц

**Ражаб Ражабов:** «Нилъеца тIоцере рикIкIила араб цIалул соналъул хIасилал, хал гьабила цере чIарал масъалабазул, цере лъела аслиял унтарал суалал ва хIисаб гьабила сундалъун цебетIезабилеб районалда лъайкьеялъул рахъ. Рамазан ГIабдулатIиповас хасаб кIвар кьолеб буго гIелму ва лъай цебе тIеялъе, гьединго рухIиябгун спортивияб рахъ цебетIеялъе. Нилъги нахъ рилъине ккола гьеса гIицIго районцояв вукIиналъ гуреб, хIалбихьи бугев, улкаялъул президент божарав политик вукIин хIисабалдеги босун. Инсан лъугьине ккани, цIалдохъанасда живго жинда ватизе ккани, лъазе ккола гьесда жиндирго къуватаб рахъ, жинца гьабизе бажарулеб хIалтIи ва жиндирго хъущтIи гьечIеб нух».

Гьел рагIабиги абун районалъул бетIерас микрофон кьуна данделъиялда рищунго захIматал суалал къабул гьаризе хIадурав, лъайкьеялъул идаралъул нухмалъулев, Меджидов Сулейманихъе.

Гьес доклад цIалана гьоркьисеб цIалул соналъул хIасилазул ва бачIунеб цIалул соналъ гьаризе колел хIалтIабазул. Сулейманица рикIкIана араб соналда цIалдохъабаз кьурал ЕГЭязул ва ГИАязул хIасилал. Кинабниги араб соналъ районалъул цIалдохъабаз бищана 11 батIияб предмет ЕГЭялъул. ХIасилал ккана батIи-батIиял. Цо-цоязул хъашал, цогидазул лъикIал.

Сулейманил рагIабазда рекъон, хIасилазда балагьун бихьулеб буго ракIбацIадго, мухIканго ва кинабгIаги хIилла гьечIого хал-шал гьабиялъул группаялъ хIалтIи гьабураблъи. Цониги цIалдохъанасе рес гьечIила кинабгIаги мекълъи гьабизе ЕГЭ кьолеб къоялъ.



Гьединго Сулейман Меджидовас рикIкIунеб буго бищунго кIудиял гIунгутIабазул цояб, специалистал, щибаб дарс кьеялъул мугIалимзаби гьечIолъи. Масала, гIолел гьечIила районалда физикаялъул, математикаялъул, гIурус ва ингилис мацIалъул мугIалимзаби. Гьезул бакIалда дарсал кьезе кколел ругила щибниги хIадурлъи гьечIел физкультурниказ, трудовиказ ва цоги батIияб мухъалъул мугIалимзабаз. Хасго гьединаб гIунгутIи бугила рикIкIадал ва гьитIинал росабалъ ругел школазда. Цо-цо школазда захIматаб хIал бугила лъимал гIоларого, мугIалимзаби цIикIун.

ЛъаратIа районалъул буго кинабниги буго 102 росу, гьезул гIемерисел гIисинал росаби, амма цоцазда гьоркьоб гIемераб нух бугел, гьелъ захIмат буго хасало цIалдохъабазе школалда нахъе хъвадизе ва гьелъулго хIасилалъ цIунизе кколел руго дагъаб гурони къадар лъималазул гьечIел школал. Масала, ЧIорода росулъ гIемерал соназда къазе биччачIого цIунун букIана гьоркьохъеб школа, гьенир цIалулел лъимал доре-гьанире интернатазда хъвадичIого, росулъго цIалун, бигьалъи букIине. 2014 абилеб соналъ гьениб школа кинниги къазе ккана цIалдохъаби гIоларого. Кинха цIунилеб гьединаб школа? Гьениса цIалдохъаби унел руго рахъ-рахъалде интернатазде МахIачхъалаялде, хъутабазде, Хьаргаби районалъул интернаталде ва гь.ц . Лъималазул эбел-инсуца гьелъие баян кьолеб буго, ЧIорода гьоркьохъеб школалда гIураб тарбия-лъай кьолеб гьечIила, киналго предметазул хасал мугIалимзабиги гьечIила. Гьелъ цIалдохъабазе рес щолеб гьечIо гIураб лъай босизе. БачIунеб цIалул соналда тIоцебесеб иргаялда кIвар кьезе бугила цIалдохъаби район тун къватIире цIализе инчIого, жидерго росабалъ хутIулеб къагIида гьабизе.

Районалда лъайкьеялъул даража тIадегIанаб гьечIолъи якъинаб жо буго. Кинабха гьеб букIунеб, кIиго учителасдаса лъикIав вищизе директорасул ва лъайкьеялъул идараялъул рес гьечIеб мехалъ, щайгурелъул цояв ватизеги захIмат буго цо-цо школазда. Жалго цIалдохъаби рукIараб мехалъ кIийилал щун линейкаялда цере рахъинарулел рукIарал чагIи унел руго гьанжесел лъималазе дарсал кьезе.

Республикаялъул нухмалъиялъ ричун росулел ЕГЭязе ахир лъезе квер баралдаса нахъе киназдаго, гьезда гьорлъ нилъер районалъул гIадамазда матIуялъуса гIадин бихьана бугеб лъайкьеялъул даража. Гьеб якъинго бихьизабуна ЕГЭялъул хIасилаз. Гьал тIадехун рехсарал лъайкьеялъул масъалаби лъиениги балъголъи гьечIо, районалда гIумру гьабулел чагIазда лъала гьел. Амма тIабигIияв шартIаз нилъ тIамулел руго ругел ресазда рекъон хIалтIизе.

**Расул АБАКАРОВ**

*нилъер росаби*

# Начадисел

**ЛъаратIа районалда бищунго гIолохъанаб, ай 1980 абилеб соналъ рагъараб с/совет буго Начадисезул.**
**Гьелго соназ щвана Начаде гIорхъуде машинаялъул нух, токалъул мухъ (вертолеталъ къай-цIаги рехун), рагьана 10-го классалъул школа, интерналъе ГАЗ-53 машина ва гь.ц. Загьирлъана церетIеялъул гIаламатал. 150-170 цIалдохъан вукIана школалда цIалулел. Гьезул бащдал интерналда хIебтIулаан.**

Жеги цересел соназ жамагIат букIана хIалтIукъа хIинкъулареб, кквералъ, мугъалъ, гъежалъ магIишат гьабун ругьунал, хурзал рекьулел, мегIер-гIалахалда гIи-боцIи хьихьулел. Совет рагъарабго хьул букIана дагь-дагь ккун цогидабги цебетIей щвелилан, гьелдаса хадуб кинабгIаги цебетIей ккечIо. Хасго кинабго хвана Союз биххидал, колхоз-совхоз щущана кибе араб лъачIого, расниги муфагIат жамагIаталъе щвечIого. Дагь-дагь ккун гочаризе лъугьана гIадамал, рехун магIарухъ магIишатяшавги тун. Заманалъул гIузруйищ гьеб лъаларо. Тарихалде раккани Начадисезул гIезегIан захIматаб, кьварилъи хIехьараб халкъ бугоан.

Администрациялъе ва клубалъе мина базе хIажатаб буго. Цебеккун бараб тIабигIияб балагь тIаде ккун биххун буго ва тIокIаб гьелде кIвар кьечIого тун хутIун буго.

Начадисезул гIезегIан баракатал мугIрулги, мучIдулги, рохьалги ругеб ракь буго. МагIарухъ бижулеб нигIмат гIезабизе ресал руго. Риидал гIи-боцIи хьихьулеб, хIан-нах гьабизе санагIалъи бугел ракьал руго.

Нухал гьариялъе хIукуматалдасан ниже кумек щвани, гочун аралги тIад руссинаан. МугIрузда гIезабулеб нигIмат экологияб рахьалъ бацIадабги, тIагIамабги, пайдаябги букеIунеблъи балъголъи гьеб.



ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъаразул къадар 47 ялде бахунеб буго, гьезул гIемерисел тIадги руссун гьечIо. 1944-1947 абилел соназда Чачаназде нахъе кьотIун, бакъуцаги, ракъилъги гIемерал чагIиги хун, камун руго.

ТIад руссун рачIаразги биххун, бухIун хутIараб мина-къайги къачIан, магIарухъ магIишат гIуцIизе лъугьараб къагIида буго. Гьединал кьварилъаби нилъеда тIокIал рихьугеги.

ГьабсагIаталда начадисел ресалда ва санагIаталда гьечIилан абуниги мекъи ккеларо. Гьаб кIиго соналдаса бахъун лъугIулеб буго цо кIиго росулъе машинаялъул нух, жеги лъабго росу буго нух гьечIеб Начада администрациялъул. Нижехъа бажарулареб, хIукуматалъул кумек къваригIараб хIалтIи буго гуро. Руго нижер гьединал хIалтIаби гьаризе нахъе къаларел чагIиги, жодоцаго цо гьитIинаб трактор техникаги босун, хIалтIи ва магIишат гьабиялде русине бокьарал чагIи, нухал гьариялъе хIукуматалъ кIвар кьолебани. Исана сон мугIрузул сонлъун лъазабун буго, рикIада бугеб жо бихьулел чагIаз цебе лъолеб масъала.

ГIисинал ГЕСалги ва цогидалъеги ресал нилъее кьолел ругогни нилъ рукIинаан сельхоз магIишаталъул гIадамал. Гьеб пикру кутакалда лъикI бичIулев бетIер вуго нилъер республикаялъул, Аллагьас кьеги гьесие сахлъигун щулалъи.

**ГIабдула ГIАБДУРАЗАКЪОВ.**
**Начада росулъа захIматалъул ветеран.**

*пикру*

# Расул, "Дир Дагъистан" ва Сусловгун "пятилетка"



**Лъабкъоабилел соназда СССРалъул гIелмияб ва творческияб интеллигенциялда гьорлъ раккана "шестидесятники" абураб цо хасаб къокъа.**

Гьел рукIана жалгоги интеллигенциялда гьорлъа рахъарал чагIи, гIемерисел1920 абилел соназул лъимал. Гьел чагIи рукIинчIо рагьун партиялда данде рахъулел чагIи, амма жаниб жиделъ букIана режималдаса рази гьечIолъи ва бачараб оппозиция. Хасго гьез рахъ кколеб букIанин абизе бегьула сталинизмги хисун Ленинил нухалъул аслуялде улка бачиналъул идеологиялъул.

Гьезда гьорлъ рукIанин абизе бегьула А. Вознесенскийгун Евгений Евтушенко, Булат Окуджавагун Юрий Трофимов ва цойгидалги. ХIасил калам гьел чагIаца хъвалел асарал рукIана системаялъул гIунгутIабиги рихьизарулел, Ленинил партиялъул аслуялдеги ахIарал. Расул ХIамзатовасда хIалбихьи бугев политик хIисабалда бачIинахъего бичIчIана улкаялда гьавабакъ хисун букIин. "Шестидесятниказда" гьорлъ рехсолеб хIалалъ рагьун системаялда данде гьев инчIо, щай гурелъул живго вукIана системаялда гьорлъ. Амма щвараб "эркенлъиялдаса" ва "шестидесятниказул" заманалдаса пайда босана Расулица кидаго гIадин.

Дир инсуца бицуна жинда ракIалда бугила дол соназда Дагъистаналъул лъайкьеялъул министрасул заместительлъун вукIарав МухIамад ХIамзатовги, философиялъул доктор лезгияв Ахед Агаевги, цо гIалимзабазул къокъа багъарун букIанила Дагъистан гIемерал мацIал ругеб бакI букIиналъ нахъе ккун бугин. ХIажат бугин миллиял мацIаздаса инкарги гьабун гIаммаб, киназего гIахьалаб гIурус мацIалде рачIинеян. Гьелда тIаса унел рукIун руго гIемерал бахIсал. Авар мацIалда гурони кучIдулги хъваларев, гьезухъ гонорарги босулев Расул ХIамзатовасе гIемер бокьичIо гьеб пикру. Ва цIоб гьечIеб рагъ лъазабуна Расулица миллиял мацIазда къоно чIвазе рагъаралал чагIазда данде. Гьел соназда хъвараб буго машгьураб "Авар мацI" абураб кечI.

Гьел соназда хъвана "Дагъистаналъул цIва" абураб поэма. Гьенир гIаммаб мацI гьабизе рахъарал "гIалимзабазда" поэтас абулеб буго, ваккун вугила цIияв Мичурин, Дагъистаналъул ахикь бугеб нус-нус нигIматал, пихъалги тIагIизарун цохIо кIудияб гIеч гIолин бичIчIизабулел. Гьеб тайпаялъул нахърахъ мичIчIица бухIизе къаникьа умумул рахъизе ругин. ХIасил калам, гьеб къеркьеялъулъ Расул бергьана. МацIал цIунизе кIвана. 1962 абилеб соналъ гьесие щвана "ТIадегIанал цIваби" абураб тIехьалъул СССРалъул Ленинил премия. Гьеб букIана цIакъ кIудияб шапакъат. Амма кигIан улкаялъ партия беццарал кучIдузухъ кIодо гьавуниги, гьесда бичIчIулеб букIана жиндир халкъалъ къабул гьавичIони поэт холевлъи.

Лъабкъоабилел соназул ахиралде хъвана "Дир Дагъистан" абураб тIехь дунялалда цониги гьечIеб гIадаб жанралъул, жинда жаниб прозаги, поэзияги, публицистикагун, драматургияги киналго жал журараб. Бицунаан гьеб тIехь аваралдаса гIурус мацIалде ГIумархIажи Шахтамановас буссинабурабго цIалулеб букIун буго Расулил кабинеталъуб. Гьоркьов ГIумархIажиги чIезавун Расулица байбихьун буго кабинет сверун тиризе ва абун буго: "Гьаб жо я хIикматаб асар буго цебехун букIинчIеб, я щибго гуреб чIанда буго, гIадатияб жо гьечIеблъи бихьулеб буго, цIале жеги...", - ян.

Бицунаан Расулица гьеб тIехь бахъизе цензураялъ изну кьоларого бихьараб гIакъубаялъул: "Анастас Микоян вукIана дир гьудул. Гьесда гьарана дун Дагъистаналдаги Шамилидаги цеве гIайибияв вуго, кумек гьабе дир тIехь бахъизе биччазе" - ян. Микояница абуна идеологиялъул суал Сусловасухъе кколин ва рагIи кьуна кумек гьабизе. Кьурана гьесухъе ва абуна дун къабул гьаве ва кумек гьабеян.

Суслов вукIана мукъсанав чи ва ракI бекарав консерватор. Гьес вачIинахъего абуна жакъа Дагъисталъе имам Шамилидаса цIикIкIун ролъги, гьангун хIанги хIажат буго. Исана пятилеткалъул сон бугелъул гьеб темаялда хъвай техь" - ин. Нахъойги бахъичIого хутIана "Дир Дагъистан", ахирги цо иргадулаб кьватIир улкабазде сапаралдаса хадув Брежневас къабул гьавула ва изну щола тIехь бахъизе. Брежневасул заманалда Расулил гьоко байбихьула нахъойи эхеде гиризе. 1977 абилеб соналъ Москваялда "Россия" гостиницаялда цIа ккун кIудияб зарал ккола ва гIадамал хола. КьватIир улкабазде Верховный Советалъул делегациягун уна Расул ХIамзатов.

Аэропорталда делегациялъул кIудиясда журналистаз гьикъула: "Кин нужеда кIвечIеб тахшагьар бакьулъ цо гостиницаялда рекIараб цIа свинабизе, гучаб державаялда?" - ян. ЦIа свинабулез гьабураб хIалтIи бицун нуцудилев дов вугеб мехалда цебехунги вачIун Расулица абула: "Щиб жо кколеб цо гостиницаялда рекIараб цIа? СССРалъ 40 абилел соназда фашизмаялъул цIадудаса тIубараб континент Европаги, дунялги хвасар гьабуна. ЦIаял свинариялъул хIалбихьи нижехъ гIан лъилниги гьечIо, нужеда букIараб гостиница ракIалде щвараб го доб кIудияб цIаги кIочон течIони беццараб букIина", - ян.

Хадусеб къоялъ кинабго кьватIир улкабазул прессаялъул тIоцебесеб гьумералда вукIун вуго Расул ХIамзатовасул сурат ва гьес абураб: "СССР - пожарник ХХ века" абураб макъала. Гьелдаса хадуб хасаб адаб гьабизе байбихьун буго Брежневас Расулил. Ва гьелъул кумекалда дунялалъул 80 ялдасаги цIикIкIун мацIаздe буссинабуна "Дир Дагъистан" тIехьги.

Хабар лъикIаб рагIайги.

**БИСАВГIАЛИЕВ**
**МухIамад**

## Уважаемые жители Тляратинского района!

Межрайонная ИФНС России № 13 по РД напоминает о своевременной уплате имущественных налогов в установленный срок.

В соответствии с изменениями, внесенными Федеральным законом от 23 ноября 2015 № 320 ф3 в часть вторую Налогового кодекса РФ, изменен срок уплаты имущественных налогов физическими лицами.

На основании вышеизложенного Закона срок уплаты физическими лицами имущественных налогов (земельного, транспортного налога и налога на имущество физических лиц) установлен не позднее 1 -го декабря года, следующего за истекшим налоговым периодом, начиная с налогового периода 2015 года.

Таким образом, налогоплательщики-физические лица должны уплатить имущественные налоги за_2015 год не позднее 1 декабря 2016 года на основании налогового уведомления, форма которого утверждена Приказом ФНС России от 25.12.2014 № ММВ-7-11/673@.

В новой форме налогового уведомления информация представлена в более удобном виде и отображается по всем налоговым обязательствам и суммам налогов, которые подлежат уплате.

Порядок уплаты имущественных налогов не изменился. Как и ранее, к налоговому уведомлению прилагаются платежные документы, по которым физические лица могут осуществить уплату.

В случае неполучения налогового уведомления налогоплательщики могут обратиться в налоговые органы по месту учета принадлежащего им имущества, либо направить сообщение о факте неполучения уведомления через Интернет - сервис «Обратиться в ФНС России». Кроме того, налоговое уведомление можно распечатать с помощью Интернет - сервиса «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц».

Все уплаченные Вами имущественные налоги остаются в регионе и идут на экономическое развитие и обеспечение социального благополучия вашего района. Достойное будущее наших детей - это наши налоги.

Внесите свой вклад в будущее Тляратинского района!

**Наш Адрес:**
с. Тлярата Тляратинского района РД
Справки по телефону:
**8(87259)2-22-78;**
мобильный **89633733020**

## Извещение о проведении собрания о согласовании местоположения границ земельного участка

Кадастровым инженером **Магомедхановой З.А. magoedkhanovaz@mail.ru 8(8722)940068. № квалификационного аттестата 05-11-94** в отношении земельных участков расположенных по адресу **РД. Бежтинский район, Автодорога «Тлядал – Бежта - Кидеро» км 7 – км 19, Автодорога «Гунибское шоссе – Вантляшевский перевал» км 97 – км 136, Автодорога Анцух – Тлярата км 0 – км 11.8, Автодорога Тлярата – Камилух км 0 – км 45** выполняются кадастровые работы по уточнению местоположения границы земельного участка.

Заказчиком кадастровых работ является **ГКУ «Дагестанавтодор».**

Собрание заинтересованных лиц по поводу согласования местоположения границ состоится по адресу: **РД, г. Махачкала ул. Шамиля №15 «4» ноября 2016г. в 15 часов 00 мин.**

С проектом межевого плана земельного участка можно ознакомиться по адресу РД, г. Махачкала ул. Шамиля №15.

Обоснованные возражения относительно местоположения границ, содержащихся в проекте межевого плана и требования о проведении согласования местоположения границ земельных участков на местности принимаются **с «3» октября 2016 г. по «3» ноября 2016 г. по адресу РД г. Махачкала ул. Шамиля №15.**

Смежные земельные участки, с правообладателями которых требуется согласовать местоположение границ земельных участков расположенные на кадастровых кварталах:
**05:37:000053, 05:37:000052, 05:37:000009, 05:37:000001, 05:37:000054, 05:37:000006, 05:37:000003, 05:37:000077, 05:37:000091, 05:37:000053, 05:37:000004, 05:37:000085, 05:37:000027, 05:34:000121, 05:34:000120, 05:34:000113, 05:34:000128, 05:34:000041, 05:34:000040, 05:34:000086, 05:34:000125, 05:34:000085, 05:34:000036, 05:34:000117, 05:34:000152, 05:34:000144, 05:34:00006, 05:34:000098, 05:34:000097, 05:34:000003, 05:34:000096, 05:34:000116, 05:34:000094, 05:34:000137, 05:34:000099, 05:34:000017, 05:34:000021, 05:34:000092, 05:34:000047, 05:34:000048, 05:34:00001, 05:34:000015**

При проведении согласования местоположения границ при себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, а также документы, подтверждающие права на соответствующий земельный участок.

## Уважаемые работодатели!

Приглашаем Вас стать участниками мероприятия по возмещению работодателям затрат, связанных с трудоустройством инвалидов, включая создание инфраструктуры, адаптацию на рабочем месте и наставничество в рамках государственной программы Республики Дагестан «Реализация дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан». В рамках мероприятия планируется создать инфраструктуру, обеспечивающую доступ к рабочим местам, позволяющую трудоустроить 200 инвалидов. Мероприятие предусматривает выделение финансовых средств на возмещение работодателям затрат на создание инфраструктуры, обеспечивающей доступность рабочего места для инвалида, и наставничество. Финансовые средства предоставляются работодателем в размере фактически понесенных ими затрат:

на создание инфраструктуры, обеспечивающей доступность рабочих мест для инвалидов, но не более 100000,0 рублей на одного инвалида;

на наставничество инвалида I и II группы в процессе его трудоустройства и адаптации на рабочем месте в размере, равном величине минимального размера оплаты труда, установленного Федеральным законом « О минимальном размере оплаты труда» на конец года, предшествующего отчетному, на одного работника, увеличенного на сумму страховых взносов в государственные внебюджетные фонды и районный коэффициент.

Средний период наставничества равен 6 месяцам. В соответствии с условиями договора возмещение работодателю затрат осуществляется в течение десяти рабочих дней после представления работодателем в центр занятости населения следующих заверенных в установленном порядке копии:

документов, подтверждающих трудоустройство незанятого инвалида (выписка из приказа о приеме на работу, трудовой договор, трудовая книжка);

расходных документов, подтверждающих затраты по созданию инфраструктуры, обеспечивающей доступность рабочего места для инвалида, подписанного работодателем;

приказа о назначении наставника;

табеля учета использования рабочего времени наставника;

платежной ведомости ( о выплаченной сумме заработной платы наставнику) или платежного поручения о перечислении суммы на лицевые счета наставника в кредитных учреждениях и страховых взносов в государственные внебюджетные фонды.

**Директор ГКУ РД «ЦЗН в МО Тляратинский район»**
**А.Р. КУРБАНОВ**

**Исполнитель**
**Н .Г. ГАЙДАРОВА**

## Филиал Многофункционального центра в РД по Тляратинскому району сообщает:

**Уважаемые жители Тляратинского района сообщаем Вам, что по итогам заседания межведомственной комиссии по проведению сплошной инвентаризации получателей субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг, была рассмотрена образовавшаяся задолженность по предоставлению гражданам субсидий на оплату ЖКУ в период работы муниципальных отделов субсидий.**

По результатам совещания, был принят Протокол №5/2016. В соответствии с пунктом 5 части III данного протокола Межведомственная республиканская комиссия по делам, не соответствующих Постановлению Правительства РФ от 14.12.2005 года №761, «О предоставлении субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг» признала начисление субсидий на оплату ЖКУ неправомерным.

Списки личных дел получателей субсидий, чьи дела признаны соответствующим, либо несоответствующим Постановлению Правительства РФ от 14.12.2005 года №176, будут размещены в администрациях сельских поселений.

По инициативе МФЦ получатели субсидий, в чьих делах отсутствует только правоустанавливающий документ, представлена возможность подтвердить наличие правоустанавливающего документа в период субсидирования. В случае подтверждения права на собственность, на жилое помещение назначенная субсидия на ЖКУ будет выплачена.

Дополнительно сообщаем, что выплаты субсидии на ЖКУ будут производиться только на банковские счета, в случае отсутствия банковских реквизитов в соответствующих делах необходимо представить их для выплаты субсидий.

Также хотелось бы довести до Вашего внимания о том, что лица, имеющие правоустанавливающий документ на жилое помещение могут обратиться в МФЦ по Тляратинскому району за назначением субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг.

*нилъер росаби*




**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 15.09.2016
Заказ ____________